ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№137 (22.045) ● 2011 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизациямкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатикэмкIэ и министр гъэувын **Шипов Владимир Анатолий и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№115-УП

● Хъыбар гуапэ

ПщIэшхуэ къыхуащI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен хагъэхьащ УФ-м Нэгъуэщ1 къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм и деж Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм щалэ советым, Къанокъуэр зыгъэлъэгъуар Урысей Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александрщ.

«ДИ ЗЭХУЭДЭ Iуэхум сэбэпышхуэ къихьу дызэдэлэжьэну сыщогугъ», - щыжеIэ УФ-м нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергей и Iэр щIэлъу КъБР-м и Президентым къыIэрыхьа хъуэхъум.

КьыхэдгъэщхьэхуэкIынщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэр Арсен и закъуэ фIэкIа а советым зэрыхэмытыр.

Советым и зэIуIэ нэхъ гъунэгъу дыдэр мы гъэм и щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм зэхаГъэхьэну я мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Тэрч куей

МацIэхэм зыщахъумэ

Джыдалахъстэнейм и гъавз щIалIэхэм мы зэманым хэзыщытэныгъэщхуэхэр щокIуэкI. Ар нэхъыбэу зэхьэлIар гъавэм хэщIыныгъэ ин къезыт мацIэ лIэужьыгъуэхэм къэкIыгъэхэр щыхъумэныщ. Щ1эныгъэлIэхэм щIалIэщытыкIыну къапэщылъэщ гектар мини 7-м нэс.

КЪУХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ ипэ ита илъэсхэми мацIэр зэбгъэрыкIуэнкIэ щынагъуэ щIыпIэхэм Тэрч районыр хиубыдэу зэрыщытар.

Гъавэр хьэпIащIэ лъапсэрыххэм зэрыщахъумэну щхьэхъхэмрэ Iэмалхэмкlэ нэсу кьыдзэгъэпаща хъун папщIэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкlэ и министерствэм хэкIыпIэу кIыпльытэр щхьэхъхэр кIращэхуну сом 1 мелуаныи нэблагъэ республикэ бюджетым кьыхэгъэкIынырщ.

Абы кьыдэкIуэу, «Россельхозцентр» ФГУ-м и кьудамэу КъБР-м щыIэм мэкъумэщышIэхэм мы Iуэхум тегущыIэн мурадыр зэрыдэIэпыкъуни яужь итщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

●Бахьсэн куей

Псыр псом ящхьэщ

Бахьсэн районым щыпсэухэр зэфэну икIи къаГъэсэбэпыну псымкIэ кьыззгъэпэщыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэпыуркым.

ИУЖЬРЕЙ илъэси 3-м кьриубыдэу мыбы щIэкIэ щызэрахьуэкIащ псы зэрикIуэ Iбжьамий километр 28-рэ, псы кьыщIэпIэпу 4 щаухуащ. Кьимыдэкlэ, зы илъэси кьанэркьым «ПсэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм и лэжьыгъэм зэманым кьеэзгъ зэхьуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным» ехьэлIа республикэ программэм ипкъ иткIэ псы жапIэу километри 5 мыкъэхь мацIэ Iэужьей хуамыгъаззу. Иджыпсту щыщIэдзауэ ЖКХ-м и лэжьакIуэхэм зыхуагъэхьэзыр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм.

Куей администрацэм ухуэныгъэмрэ псэупIэкоммунальнэхэзыхьесакIэ и кьудамэм щыгъуазэ дызэрищIымкIэ, мы зэманым жылагъуэхэр щIэгуззэвэн щымыIэу псыкIэ кьызэгъэпэщауэ жыпIэ хуэнуц: зы жащ-махуэм кьриубыдэу абыхэм цыху кьэс псы литр 250-рэ яIэрохьэ. Арщхьэкlэ кьэльытапхэщ унэ-лъапсэ зиIэхэм гъэмахуэм псыуэ тIуикI нэхъыбэ кьагъэсэбэпын хуей зэрыхьэр. Апхуэдэщ псыр кьыззэрыщIащ насосхэр зэрагъэпажьэ электрокьарум и уасэм хэхъуэ зэпыту зэрекIуэкIри. Зыми емылытауэ, районым и зэфIэкI псори ирехьэлIэ жылагъэ псоми псыр зэхуэдэу яIэрыгъэхьэным.

Мы лъэхъэнэм зыхуей хуагъаззэ ХьэтIохъущыкьуей жылэм дэт псы кьыщIэщыпIэхэр. Абы текIуэдзну сом мелуаниI 6,5-р республикэ бюджетым кьыхагъэкIащ. Апхуэдэу Кьулькьужьи Ищхьэрэм и псы жапIэхэр зэрахьэкIыну я мурадщ. Зи гугъу тщIа лэжьыгъэхэр мы гъэм зэфIэкIынущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Бадзэуэгъуэм и 18-м КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Герт ер Иван зи пашэ комиссэм Май мунципальнэ куейм и социальнэ Iуэхущ1анIэхэр къыпфытыхьащ.

ГУПЫМ ядыщIыгъащ куей администрацэм и Iэтащхьэ Атаманенкэ Юрэ, абы и кьуэдзэ Тимошенкэ Николай, журналистхэр, нэгъуэщIхэри.

Iпэ щыкIэ комиссэр щыIащ Александровскэ станицэм. Iупым кьиплъыхьащ кьуажэм дэт сымаджэщыр, курыт еджапIэр, сабий садыр, Щэнхабзэмкlэ унэр. Гупыр арэзы тхьуащ ухуэныгъэ псоми я унашъхьэхэр зэхъуэкIын, апхуэдэуи языныкъуэ унэхэм я Iуплъапlэхэр, пэщ кIуэцIхэр къэгъэщIэрэщIэжьын зэрыхуейм.

Абы яужькlэ комиссэр щыщащ Котляревскэ станицэм. Жылагъуэм дэт курыт еджапIэ №8-м и унэм жьыфэ кьыгтеуащ. Ар щаухуар 1938 гъэрщ, зэбгъэзэхуэжкIи мыхьэнэ иIэжьым. Iупым кьиплъыгащ а щIыпIэм школыщIэ щыухуэн хуейуэ. Абыхэм зрагъэлъагъуащ Котляревскэм дэт музыкэмкIэ еджапIэр, сабий-садыр, цIыхухэм я узынщагъэм щеIзэз амбулаторэр. Нужьрейм 1969 гъэ лъандзэр зы лэжьыгъи щрагъэкIуэкIакьым, ауэ медицинэ Iэмэпсымэ щIэрыпсхэр щIэтщ.

АдэкIэ Герт ер Иван зи пашэ гупыр Май къалэм кIуащ. Журналистхэм дгъэщIэгъуащ: зэпэгъунэгъу дыдэу, я щIы кIапэхэрэ зэрыпхьэу хуэкъалэкъм курыт еджапIэу щыз итщ: езанэр, етхуанэр, епщыкIущанэр. Апхуэдэуи мы Iэгъуэблагъэм итщ «Радуга», «Улыбка», «Ромашка» сабий садхэр. Мы псомя и унащхьэхэри зэрамыхьуэкIыну хъунукъым.

Апхуэдэ щытыкIэм зэрытегузэвыхьыр къыхигъащ, Правительствэм и Унафэщым жиIащ:

- Зэрынэрылъагъущи, куэд щIауэ зыри зрамыщIа унэхэр фэнщэ хъуащ. Ахэр, даун, пIалъэ кIэщIым кьрнубыдэу тхуэгъэзэкIуэжыну Iуэхукъым. Псом япэ игъэщIыпхьэу дэ кьхэттхьауэ щытащ «Унащхьэ» жьыхуиIэ республикэ программэр. НэгъуэщIу жьыпIэмэ, а Iуэхуращ япэ щIыкIэ тхуэзэфIэкIынури, кьыщIыщIэддзэн хуейри.

Май къалэм иджыблагъэ дащIыхьа спорт комплекъыщIэр кьыщIптыхьым, Гертер Иван мыр жиIащ:

- СогъэщIагъуэ цIыхухэм яIэ хъуа гупысэкIэр. Ди зэманым апхуэдизкIэ щIалэгъуалэр дихьэхырт я Iэпкъгъэпкъым зрагъэужьыни, стадион папщIэу зы губгъуэжь яIэмэ зэфIэкIырт. Абы щхьэкIэ зэхьэзэхуэхэм кьеэкIуалIэхэри нэхъ мащIэ хьуртэкъым. Сэ сыкъэрепльыкIэ, идкьыри нэхъ зыгетъэщIэн хуейр бокс, каратэ, кьинэмыщI бэнэкIэ жыпIэми, гуп цIыкIу-цIыкIуурэ зэхэт клубхэр зэкъошэнракъым, атIэ щIэблэщIэр уэРу здекIуалIэ хъун стадионхэр ухуэныгъ.

Правительствэм и Унафэщ1ыр зи пашэ гупым играгъэпэгъуащ Май къалэр псы зэфэнкIэ кьыззэзыгъэпэщын хуейуэ щыта, иныъэ 32-рэ хъуауэ зэтрамыгъэувэф ухуэныгъэ бгынэжьар.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Май куей

Лэжьыгъэр куэдщ

Бадзэуэгъуэм и 20-м пщэдджыжьыр сыхьэти 10-м Купфер, Ленц, Менетрие, Бернардацци, езыхэм яфIэфIу къэхьыхьа къэзакъ тIощI, гъэзагъуэдзагъэхуэхэр я гъусэу, хэщIапIэм текIри, Кавказым и бгы нэхъ лъагэ дыдэм кIэрыхьащ.

СЫХЬЭТИХКIЭ кIуа ужь, уэсым нэсахэщ. Ахэр лъэныкъуэ псомкIи кууэу къэча кьырхэм нэсащ. Зы къэр гуэрым и щIагъым нэху кьыщкIащ.

Бадзэуэгъуэм и 21-м жэщыр сыхьэтищым нэблэгъауэ, мазэм и нэхум хэту гупыр Iуащхьэмахуэ и Кьуэкlапlэ щыгум дэкIуу хуежьащ.

Метр 4270-м нэсауэ, Купферрэ абы щIыгъуахэмрэ адэкIэ зэрымыкIуэжьыфынур белджылы хьуащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу адыгэмI Хьэшэр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м пщдджыжьыр сыхьэт 11-м Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфащ.

Еджагъэшхуэхэмрэ Чыларрэ бгым зэрыдэкIыам зэпымыууэ кIэлъыплъащ Iуащхьэ лъабжьэр зи хэщIапIэ-хэр. Генерал Эмануэль иБыгът Купфер къритА нэрыплъэ гъуэздэжьэр. ХэщIапIэм щыIэхэм яльэгъуащ гупыр кьыззрехьэжьыр, Ленц и увыIэпIэр, апхуэдэу. Чылар щыгум зэрыдэкIар. Чылар щыгум нэса нужь, Iуащхьэмахуэ къызэрагъэIурыщIам и щIыхькIэ хэщIапIэм фочхэр щагъэуащ.

«Щыгум нэсыфа Чылар дэ нэхърэ нэхъ Iэ ззэу кьигъэсэбэпащ пщэдджьыжь хьэуам и щIыIагъыр, - итхьжащ нужькIэ Купфер. - Уэсыр сыт хуэдэ зэмани зытемыкI щIыпIэм ар дэ куэдкIэ ди япэ нэсащ икIи Ленц езым и ужьрей увыIэпIэм щынэбгъэгъам, Чылар кIигъэззжауэ щыгум къехьжьыр. Щынэ зымыщIэ щакIуэ щIалэм щIыналъэр фIы дыдэу щIыхурт икIи бгы лъагэхэм дэкIыфу зиГъэсат. Ар хэщIапIэм дэ ди япэ къэсыжащ, езым зэрихьа аIыгъэм папщIэ къыIэригъэгуфа саугъэтыр Эмануэль къыIихыпи папщIэ. Арщхьэкlэ иужьрейр дэ къытпэплъащ гуфIэгъуэм дыхигъэпльыну.

Бгым къехыжа Чылар яфIэтелъыджэу къепльырт экспедицэм хэт псори - ар иджари къэс цIыху зыдэмыкIыифыну къалъытэу щыта Iуащхьэмахуэ и щыгум щыIат. Ар ящIышнакъым лъагагъми, зэи къэмыткIу мылылъэхэми, а бгым и щхьэм нэса дэтхэнэри фIэкIыпIэ имыIэу зэрыхэкIуэдэнум теухуауэ щIыхьэ зыхуэта зэIущIэм. Абы кьрихьэдIат Осетие Инщэм и Президент Кокойты Эдуард УФ-м щIыналъэ зыужьныгъэмкIэ и министр Басаргин Викторрэ.

Министрым кьыхигъащащ Осетие Инщэм зауэ нэужьым зиужьын зэрыщIидзар, электрокьарурэ гаэрэ Куржым зыкIи пымыщIауэ абы иджы зэрыIэрыхьэр.

Осетие Инщэм щилжь инвестиционнэ программэм ипкъ иткIэ, Урысейм абы мы гъэм хунутIыпщыну сом мелардИ 6,81-м щыщу япэ Iыхьэр - сом мелард 1,45-рэ хъур - хуэутIыпщащ мэкъуауэгъуэм и 2-м.

Цыхуэр япэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам кьыхэкIыу 1829 гъэм щыгум пилтауэ 2 ягъэжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Кушмэзыкъуей кьуажэм (иджы Бахьсэн къалэм хыхьэ Старэ Крепость жыIэ) щыщ адыгэ мэкъумэщышIэ кьыззэрыгуэкIыр Iуащхьэмахуэ япэу дэкIащ.

БАЙДАЕВМусэ.

●Щапхъэ



Хьэшэр Чылар.
Сурэтыр **КАСТРОМИН** *Михаил ищIащ.*

Япэ лъагъуэ

● Тыркуем и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Республикэм и пщэдейр нобэ зылъагъухэр

«Мэшыкъуэ-2011» Кавказ Ищхьэрэ щIалэгъуалэ лагерым и етIуанэ зэхуэсым ди республикэм и лIыкIуэу щыIаэр Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щIэр зезыхьэ утым къыщрагъблэгъэжащ.

ПСЫХУАБЭ къикIыжахэмрэ ахэр кьэсыигъэблэгъэжыну кьэкIуа щIалэгъуалэмрэ занщIэу яубла джэгум нэхъыжьыIуэхэри я гуапэу епльащ.

Къезыгъэблэгъэжахэм яхэтащ КъБР-м щалэгъуалэ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Пащты Борис,** щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ министерствэм и департаментым и унафэщI **КIурашын Анзор** сымэ, министерствэм и лэжьакIуэхэр.

Пащты Борис Псыхуабэ къикIыжа щIалэгъуалэм екъуэхъури, лагерыр кьыззэрыщыхъуамрэ абы зэрыщыIам мыхьэнэ зIэрэ имыIаэрэ щIэупщащ. Щалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зыжьэу жаIащ псомкIи зэрыарэзыр.

- Iупым «Мэшыкъуэ-2011» зэхьхьэм республикэм и махуэр екIуу зэрыщывгъэтхъэгъуам, фифI фIэкI кьыззэрымыIуам папщIэ фIыщIэ фхуэощI, - жиIащ Пащтым, - Фынжьыфщ, нобэ ди пщэдейм фызэрептыкIэ адрейхэм факъыщхьэщокI. Ди проектхэр зытещIыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ кьэралымрэ я кьэкIуэнырщ.

Щалэгъуалэм я зэхьхьэм хэтахэр ар зыхуэдам тепсэлъыхьыжащ. «Къуажадэс щалэгъуалэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI Бэрбэч Керихьан зэрыжиIамкIэ, «Мэшыкъуэ-2011» лагерыр щалэгъуалэм я проектхэр щыпхагъэкI, щызэрыщIыху, ныбжьыгъу щызэрыгъэжьу, я кьэухым зыщрагъэужь щхьэхьэщхэщ.

Щалэхэмрэ хъыджэбз хэмрэ гъэзрыгъуэрэ утыку ихьэурэ республикэм и унафэщIэм фIыщIэ хуащIащ зэкIыхьэм я зэфIэкI щагъэпъэгъуэну, абы екIуэпIа щалэгъуалэр зэрагъэщIыхьну Iэмал зэрыратащ щIэ хуэ кьыззрыщащIамрэ папщIэ. Къыхагъэщащ республикэм и махуэр адрейхэм ефIэкIыу ягъэпъэгъуэу кьыззрагъэтар гуапэ зэращIыхьар.

Республикэм икIа гупым проект 75-м щIигъу ягъэлъэгъуащ. Абы щыщу 2-р нэхъыфIу къалъытащ. «Мэшыкъуэ - 2011-м и тхьэIуху» дахагъэмкIэ зэпеуэм ди хэкуэгъу Ульбашевэ Джамиля ещанэ щыхъуащ. Апхуэдэу «Мэшыкъуэ-2011» Кавказ Ищхьэрэ щалэгъуалэ зэхьхьэм республикэм икIа гупым «Псалащ» Iуэху нэхъыфI- номинацэмкIэ дипломымрэ «Мэшыкъуэм и Iаганп» кубокымрэ кьыхухагъэфэщащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Мэшыкъуэ-2011»

Бадзэуэгъуэм и 21-м жэщыр сыхьэтищым нэблэгъауэ, мазэм и нэхум хэту гупыр Iуащхьэмахуэ и Кьуэкlапlэ щыгум дэкIуу хуежьащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу адыгэмI Хьэшэр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м пщдджыжьыр сыхьэт 11-м Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфащ.

Еджагъэшхуэхэмрэ Чыларрэ бгым зэрыдэкIам зэпымыууэ кIэлъыплъащ Iуащхьэ лъабжьэр зи хэщIапIэхэр. Генерал Эмануэль иБыгът Купфер къритА нэрыплъэ гъуэздэжьэр. ХэщIапIэм щыIэхэм яльэгъуащ гупыр кьыззрехьэжьыр, Ленц и увыIэпIэр, апхуэдэу. Чылар щыгум зэрыдэкIар. Чылар щыгум нэса нужь, Iуащхьэмахуэ къызэрагъэIурыщIам и щIыхькIэ хэщIапIэм фочхэр щагъэуащ.

«Щыгум нэсыфа Чылар дэ нэхърэ нэхъ Iэ ззэу кьигъэсэбэпащ пщэдджьыжь хьэуам и щIыIагъыр, - итхьжащ нужькIэ Купфер. - Уэсыр сыт хуэдэ зэмани зытемыкI щIыпIэм ар дэ куэдкIэ ди япэ нэсащ икIи Ленц езым и ужьрей увыIэпIэм щынэбгъэгъам, Чылар кIигъэззжауэ щыгум къехьжьыр. Щынэ зымыщIэ щакIуэ щIалэм щIыналъэр фIы дыдэу щIыхурт икIи бгы лъагэхэм дэкIыфу зиГъэсат. Ар хэщIапIэм дэ ди япэ къэсыжащ, езым зэрихьа аIыгъэм папщIэ къыIэригъэгуфа саугъэтыр Эмануэль къыIихыпи папщIэ. Арщхьэкlэ иужьрейр дэ къытпэплъащ гуфIэгъуэм дыхигъэпльыну.

Бгым къехыжа Чылар яфIэтелъыджэу къепльырт экспедицэм хэт псори - ар иджари къэс цIыху зыдэмыкIыифыну къалъытэу щыта Iуащхьэмахуэ и щыгум щыIат. Ар ящIышнакъым лъагагъми, зэи къэмыткIу мылылъэхэми, а бгым и щхьэм нэса дэтхэнэри фIэкIыпIэ имыIэу зэрыхэкIуэдэнум теухуауэ щIыхьэ зыхуэта зэIущIэм. Абы кьрихьэдIат Осетие Инщэм и Президент Кокойты Эдуард УФ-м щIыналъэ зыужьныгъэмкIэ и министр Басаргин Викторрэ.

Министрым кьыхигъащащ Осетие Инщэм зауэ нэужьым зиужьын зэрыщIидзар, электрокьарурэ гаэрэ Куржым зыкIи пымыщIауэ абы иджы зэрыIэрыхьэр.

Осетие Инщэм щилжь инвестиционнэ программэм ипкъ иткIэ, Урысейм абы мы гъэм хунутIыпщыну сом мелардИ 6,81-м щыщу япэ Iыхьэр - сом мелард 1,45-рэ хъур - хуэутIыпщащ мэкъуауэгъуэм и 2-м.

Iуэхум теухуа кьыкIэльыкIуэ зэIущIэр Москва щекIуэкIынущ жэпуэгъуэм и япэ махуэхэм.



♦1921 гъэм зауэ медицинэм и Дунейпсо комитетыр кьыззрагъэпэщащ.

♦1969 гъэм американ астронавт **Армстронг Нил** Мазэм и щхьэфэм япэ дыдэу теуващ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ республикэм и Къэрал Гербыр, Къэрал Гимнэр.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритыжкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIэу щытынущ, уэзх кьыщешыжынущ. Хуабэу махуэм градус 28-рэ, жэщым - градус 21-рэ щыIэнущ.

ПIалъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЧIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Узыхэдэн щымыIэмэ, щыIэр къыхэх.

Гъавэ тонн мини 100-м щIигъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм бжьыхьэсэ гъавэр еужьрэкIыу кьыщрахьэлIэж. Хьэщэпащэм и Iыхьэ щанэр Iуакьыжати, гъавэ тонн мини 100-м щIигъу хэтекIащ. Зы гектарым центнер 40,1-рэ хуэзэу.***

МЭКЪУМЭШ хозяйствэмкIэ министр Петров Юрий зэрыжиIамкIэ, къаухуэнэжа гектар мин 70-р зы тхьэмахуэ зэхуэкум кьрирубыдэу зэщIакъуэжынущ. Техникэрэ гъэсыныпхъэхIэ кьызэгъэпэщащ. Комбайн 336-рэ зэдохэ.

Сымаджэщыр зэрагъэпэщыж

АБХЪАЗ. ***Премьер-министр Шамбэ Сергей къиплъыхьащ иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэща Республикэ сымаджэщым и къудамэ зэIуэпэщ ящIахэр.***

СЫМАДЖЭЩЫМ и дохутыр нэхъыщхьэ Ачбэ Лев зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым премьер-министрыр щыгъуэазэ ищIащ. Абы зэрыжиIамкIэ, сом мелуани 130-рэ и уасэ медицинэ Iэмэпсымэхэр къащэхуащ, иджыри мелуан 56-рэ а Iуэхум трагъэкIуэдэнущ.

Етlуанэ екIуэкIыгъуэм зыхуагъэхьэзыр

ЧЕРКЕССК. ***«Кавказ джэгуэр-2011» Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ фестивалым и етIуанэ Iыхьэм республикэм зыхуегъэхьэзыр.***

ФЕСТИВАЛЫМ кIуэну спортсменхэр кьыщыхахыну республикэ зэхьэзэхуэхэр щыщхьэIум ирагъэкIуэкIынущ. Зэпеуэм спорт лIэужьыгъуэ 15 кьыззщIиубыдэнущ. Абы хэтынущ КъШР-м и районым псоми я командхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●КъБР-м и МВД-м

Илъэс ныкъуэм къарикIуахэр къапщытэж

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей иригъэкIуэкIащ блэкIа мазихым я лэжьыгъэм кьрикIуахэр кьыщапщытажа, кьапэщыт кьалэныщIэхэр щаубзыхуа зэIущIэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Гертер Иван**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Вербицкий Алексей**, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI **Мер Юрэ**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**, УФ-м и прокуратурэм Следствэмкlэ и Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм и Iэтащхьэ **Устэ Валерэ**, Урысейм Тезырхэр щрегъэхьэжыныжкIэ и федеральнэ хъулыкъуэм и Iуэхущапсэ КъБР-м щыIэм и унафэщI **Федоров Василий**, Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI кьалэнжэр япэ илъэс ныкъуэм щытыкIэ гугъуэ иту зэфIигъэкIащ. Iэщэжэ зэщIэуэзэда бандэ гупым хэтэхэм диверсионнэ-террор щIэпхъаджагъэ зыбжанэ ялэжьащ, КъБР-м и щIыхухэм ятеущ, абы хабзэхъуэмэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэри яхэту, А бзаджащIэхэм я1щэкIуэдащ полицейуэ 18, Ставрополь краим щыщ щакIуэу 7, Москвэ Москва областымрэ щыщ зыплъыхьакIуэхэр, КъБР-м и муфтий нэхъыщхьэр, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэри ялэжьащ.

УФ-м и МВД-м и Къэрал Iуэхущапсэу КИФЩI-м, Урысей ФСБ-м КъБР-мкIэ и управленэм ящыIэгуу ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, республикэ бандэ гупым Iэтащхьэншэ ящIащ, абы хэзгъэкIуэжьнэхэм зыхащIэн щыIэн ягъуэтащ.

Бандэ гупым щыщу 52-рэ яукIащ, боевикрэ абыхъэм ядэIэпыкъу щыIу 60-р яубыдащ. Хабзэншагъэмкlэ зэрагъакIуэ Iэщэу 64-рэ кьыгъракIащ, абыхъэм ящыщу автомат 15, кIэрахъуэу 48-рэ, пулемети 2, кьагъауэ вещественнэ килограмм 27-рэ, Iэщэ Iэмэпсымэу мини 6,5-м щиигъу. БзаджащIэхэм я егъэзыпIу 6, Iэщэ гъэтIылъыгъэу 24-рэ, СВУ-хэр щагъэхьэзыр лабораторэ щыкIу кьахутащ.

Террор шынагъэр зэрыминым кьыхъ экIыу, КъБР-м щыIэ Оперативнэ Штабым и Iэтащхьэм и унафэкIэ мазаем и 20-м щIидзэу республикэм и куей зыбжанэм, Налшык кьалэм КТО-р щокIуэкI.

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрэ армэм и генерал Нургалиев Рашид ящыIагъащ дзэ частхэм я кьаруэ а лэжьыгъэм кьеушIэлэным теухуа жэрдэмыр.

КъБР-м экономикэ щIэпхъаджагъэхэмебэныныжкIэ и Iэнатlэхэм я кьаруэ хуэзащIэ гъэIуэ я1эхэм я1эхэр ящыIэ. Абыхъэм ящыщу 186-р хьэлъэхэм зеубыдэ. 19-р зэгурыIуэу щIэпхъаджагъэ гупхэм я лэжьащ, 55-р наркотикхэр щIэныкъуэкIа, Апхуэдэ щIэпхъэкIэр щэжьу кьизыщIэхэм ящыщ яубыдащ. Афиян зэзыхьэлIэхэм я екIуэлIапIэ 27-рэ зэхуэдащIащ, наркотикрэ акъылыр зыгъэутхъуэ щхъухьу кг 66-рэ кьытрахащи, абы щыщу кг 54-р марихуанэщ, килограммми 10-м щIигъуэ Iущхьэ жэпкъщ, граммэ 725-р героинщ. Мазихым кьрибыдэу уголовнэ Iуэху 227-рэ кьалэтащ, наркотикхэр зэхьэлIэным е мащIэу апхуэдэхэр хьумэным ехьэлIащ административнэ хабзэр 133-рэ кьызэпаудауэ кьыщIагъэщащ. Административнэ кьуэдыуэ сом мин 276,5-рэ трал1хьащ апхуэдэхэм.

- Дэ иджы яп1э дрикъэлIауэ араш дезоморфин ягъэхъэзырыным икIи зрахьэлIэным. Iэфlыкlэм кьыщагъэсэбэп Iущхьэм и уасэр зэрыдэуяем республикэм и щIыналъэм наркотик «хьэлъэхэр» кьрашэнырэ кьрикIуэнкIэ хьунущ икIи абы дыкуэхьэзыру дыщытын хуейщ, - жиIащ Урысей Федерацэм Наркотикхэм кIэлъыплъныжкIэ и федеральнэ кьулыкъуэм и Iуэхущапсэ КъБР-м щыIэм и унафэщI Кульбаев Руслан.

Наркополицейхэм кьапэщыт кьалэнхэм ящыщу мыхьэнэшхэу иIэщ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ медицинэм емыкъэлIа наркотикхэр кьемыгъэгъэсэбэныныр. Гулъытэ хэха хуэзыгъэсэныр щIалэгъуалэм щеджэ Iуэхущапсэхэм, наркотикхэм ебэныныжкIэ муниципалитэ комиссэхэм я лэжьыгъэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

КъалэныщIэхэр яубзыху

Къэбэрдей-Балькъэрым и наркополицейхэм илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм кърикIуахэр къапщытажащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэхъуэмэ IэнатIэхэм 2011 гъэм и яп1э мазихым хабзэм кьемызэгъэшу наркотикхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ нэгъуэщI щхьухь лIэужьыгъуэхэмрэ зэрыщэрагъакIуэм пыщIа щIэпхъаджагъэ 517-рэ щытхащ. Ар зэрыщыту республикэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм я процент 11,7-рэ мэхьу.

Наркополицейхэм щIэпхъаджагъэ 331-рэ кьыщIагъэщащ. Абыхъэм ящыщу 186-р хьэлъэхэм хеубыдэ. 19-р зэгурыIуэу щIэпхъаджагъэ гупхэм я лэжьащ, 55-р наркотикхэр щIэныкъуэкIа, Апхуэдэ щхъухьэкIэр щэжьу кьизыщIэхэм ящыщ яубыдащ. Афиян зэзыхьэлIэхэм я екIуэлIапIэ 27-рэ зэхуэдащIащ, наркотикрэ акъылыр зыгъэутхъуэ щхъухьу кг 66-рэ кьытрахащи, абы щыщу кг 54-р марихуанэщ, килограммми 10-м щIигъуэ Iущхьэ жэпкъщ, граммми 725-р героинщ. Мазихым кьрибыдэу уголовнэ Iуэху 227-рэ кьалэтащ, наркотикхэр зэхьэлIэным е мащIэу апхуэдэхэр хьумэным ехьэлIащ административнэ хабзэр 133-рэ кьызэпаудауэ кьыщIагъэщащ. Административнэ кьуэдыуэ сом мин 276,5-рэ трал1хьащ апхуэдэхэм.

- Дэ иджы яп1э дрикъэлIауэ араш дезоморфин ягъэхъэзырыным икIи зрахьэлIэным. Iэфlыкlэм кьыщагъэсэбэп Iущхьэм и уасэр зэрыдэуяем республикэм и щIыналъэм наркотик «хьэлъэхэр» кьрашэнырэ кьрикIуэнкIэ хьунущ икIи абы дыкуэхьэзыру дыщытын хуейщ, - жиIащ Урысей Федерацэм Наркотикхэм кIэлъыплъныжкIэ и федеральнэ кьулыкъуэм и Iуэхущапсэ КъБР-м щыIэм и унафэщI Кульбаев Руслан.

- Дэ иджы яп1э дрикъэлIауэ араш дезоморфин ягъэхъэзырыным икIи зрахьэлIэным. Iэфlыкlэм кьыщагъэсэбэп Iущхьэм и уасэр зэрыдэуяем республикэм и щIыналъэм наркотик «хьэлъэхэр» кьемыгъэгъэсэбэныныр. Гулъытэ хэха хуэзыгъэсэныр щIалэгъуалэмрэ медицинэм емыкъэлIа наркотикхэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Іэнэм псори пэрыхуэну пІэрэ?

●Ерыскъыхэкіхэр

Къэрал тІощ нэхъ зызыужьар. «Двадцатка» жыхуаІэр, ящ ныбжь дуней псор зыгъэгъазэ Іуэхум - ерыскъыпхъэу къахуэлажьым хагъэхъуэным. Ар узэгъусу фІэкІ узыпэмыльэщын, унафэ зытумыщІыхьыфынщ.

ЩІЭНЫГЪЭПІХ ЭМ ку зд щІауэ жаІэ XXI лІэщыгъуэм нэхъ шынагъуэ дыдэу къигъэувынур ядернэ Іэщэр е терроризмыр зэрыармрар, атІэ цІыхухэм щхьинрэ псы къабзэрэ зэрахуримыкъунурэ. А тІур зэпхащ: псалъэм папщІэ, кІэртІофэ килограмм къэбгъэкІынымпсы литр 1000, джэдыл килограммым - литр 4600-рэ т окІуадэ. Ар FAO-м - Ерыскъыпхъэмрэ мэкъумэщхэкІхэмкІэ ООН-м и организацэм - кІыкІ бжьгъэщ. Абы зэрызыхигъэкІамкІэ, псымкІэ цІыхухэм яІэ хуитыныгъэщ уигъэг ужьеІуэ зэщхьэщокІ: зи псэукІэкІэ курыту къэпльыпІэну американым жэщ-махуэм псы литр 500 кьеГъэсэбэп, Соималийм щыпсэум кІыпІысыр литри 9 ярикъуркъым. ЦІыху мелардитІым щІигъум псы зэрэфэн яГъуэткъым. Арашц, Гъаблэм зэщІищта, псы зымыгъэут цІыхухэм зыкъаІэт хьуащ, абы епха зэрыхьзэрІм кІуэ пэтми зеубгъу.

Дуней псом игъуэтын хуей зыужьыныгъэр зыльбзыкІ «Двадцаткэр» и къуэ дыдэхъуат мы Іуэхум еІупсыкІу, гу зэвзгъуэ егъэлеяхэр къэмыхь у щІыкІэ хэкІыпІэхэр иубзыхуну. Аращ ар зи кьалэныр, къэрал тІощІ нэхъ зызыужьам дуней псом и гъавэщІапІэхэм я Іыхьэ щанитІыр зэрафІигъэм тещІыхьэм.

Париж иджыблагъэ щекІуэкІащ мэкъумэщ Іэнатіэмкіэ министрхэм я зэІущІэ. Абдеж щыжаІащ ерыскъыпхъэ къэлэжьыныр щэныр зэрэкІуэкІыр зи нэІэм щІэт, хэжауэ зы къэралми, зы лъэпкъми имей Іуэхущапіэ зэтеублэн зэрыкуейр. Псалъэм папщІэ, зэгурыІуащ мэкъумэщэжьыу кьалэжьымрэ абы щІэущІащ и Іэмрэ зи нэІэ тет хьыбарегъащІэ Іэнатіэ къыщэгъэпэщыным теухуауэ. Ягъэ-белджылащ гуэдзэр пруныку кьагъэкІым епха къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэр.

Ерыскъыхэкіхэр кІуэ пэтми зэпэубыда зэрыхъум и щыхьэтщ абыхэм я уасэр зэрыхэхьуэр. Куэдым кьыззэральытэмкІэ, а уасэхэм кІэрыкужьынукъым. Пуду ерыскъы кьышытщэхуу щыта лъэхъэнэр кьэдухащ, жаІэ абыхэм. Девгъэпль: нэгъабэ и закъуэ ерыскъыхэкІхэр процент 37-кІэ нэхъ лъапІэ щыхьащ дуней псом, абы кьыздишарацн, цІыху мелуан 44-рэ тхьэмыщкІэ дыдэхэм хьащ. Ар кьыльэІэсащ Урысеймии. Росстатым щІихьумэну хэтми, ди цІыхухэм ящыщ куэдым щхьи кьахуэщхурыкъым (гъаблэм иныгщ) е щхьиныгъуитІ-щы нэхъыбэ я Іэнэм телъкъым. КІэщІу жьыпІэмэ, ерагъкІэ заІыгъыу аращ.

А псом епхаур укъепльмэ, Урысейм, Украинэм, Кьэзахъстаным я зэфІэкІым хуэдэ нэгъуэщІ зы къэралхэм (сыт хуэдэ гупу зэгуэмыхьхамэ) яІэкъым. Абыхэм ерыскъыхэкІыр куэду кьагъэкІыфынущ, нэгъуэщІ къэралхэми иращэфынущ. Ауэ Урысеим нобэми кьешцэжу езыр зыхуей ерыскъыхэкІым и процент 40-р. ГъэщІэгъуэ эныщэкъэ ар! Дэ тхуэфащэ гуэдз, кІэртІофэ, хадэжэкІ нэгъуэщІ щыпІэхэм кьыщызыщэжхэм дащыщыну, чэзум «дыІуищІэу» дыхэтыну?

Дэтхэнэ зыми кьыгуроІуэ мэкъумэш Іэнатіэм зэрызедгъэужьыным кьанэ щымыІэу дегупсыс у, Іуэхуэхэр убгъэн зэрых уейр. Абы иІэ щІэупщІэм кІуэ пэтми зэрыхэхьуэм тещІыхьэмэ, щІыдагъэмрэ газымрэ кьышІэтхьм хуэдиз ди хэхьуэу ерыскъыхэкІэхэр тхуэщынущ. Й гугъу умыщІыхьэ, ди цІыхухэм я Іэнэр нэхъ бей зэрытхуэщІынум. Псалъэм кьыдэкІуэу жьыпІэнумэ, дуней псом и къэралхэм ерыскъыхэкІхэр кьащэхуным мы гъэм трагъэкІуэдэнщ доллар триллион 1,3-рэ хуэдиз.

ВАСИЛЕЦ Валентин.
«Эхо планеты» журнал.

Жьыбгъэр къыкъуэун и пэкІэ

Европэм и Советым и Парламент ассамблеем (ПАСЕ) и гъэмахуэ сессиер щэху дыдэу, «псыр зыгъэутхъуэ» къаХэмыкІыу зэрекІуэкІар гъэщІэгъуэщ - апхуэдэу куэдрэ къэхъуркъым. Ауэ, куэдым зэрыхуагъэфащэмкІэ, ар жьыбгъэр къыкъуэун и пэкІэ, дунейм зэрызиущэхум ещхьщ. УрысеймкІэщ а жьыбгъэр къызидкІынри.

ІУЭХУР ЗЫТЕТЫРмыращ, Федерацэмкіэ Советым и УнафэщІ къалэнхэр зыгъэзащІ Торшин Александр Къэрал Думэм законопроект щІилъхьащ ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ европей судым (ЕСПЧ) и унафэр УФ-м и Конституцэ судым икъутэжыфу щІыным теухуауэ. Апхуэдэ зэи къэхъуакъым, Европэм и Советым хэт къэралхэм апхуэдэ ящІэжкІэ Іэмал яІэкъым.

Дауи, а жэрдэмыр къызыпкърыкІар зиусхэн Торшинур аракъым. Абы зэгуэрми дэтлъэгъуакъым политикэ жэрдэм е зы Іуэху гуэр утыку псалъэ ищІауэ. Ар политик жьыІэщІэщ, Кремлыр зыхуейр псынщІэу къэзыщІу абы зыдэзыгъэщщ. АтІэ, Кремлым мызэ-мытІэу жиІагъэхъэщ Цыхум и хуитныгъэхэмкІэ европей судым Урысейм икІ къэзыгъэсыхафэхэм теухуауэ кьиХь лъэмкІэ зэрымыарэзыр. Урысей властхэр мы судым «къыщыхагъащІэ» ди цІыхухэм я тхьэусыхафэхэм. Кьащтэмэ, ди къэралым пэжыр къыщызмыгъэутыфу Страсбург судым зыхуэзэгъаззэхэм я бжыгъэр мин зыбжанэ мэхъу, икІи абы и лъэныкъуэкІэ Урысейр кьыкІэщІыхьэ щымыІэу ялэ итщ.

ЗэрыжаІэмкІэ, Кремлыр къыщезыгъэтхъар Рыжков Владимир и Республиканскэ партыр хабзэм тету УФ-м щатхэн зэрамыдбам Страсбург судым трищІыхьэ унафэращ. Абы кьилъытащ зэІущІэ ебгъэкІуэкІыным, узэгухьэным теухуауэ щІэІэ хуитныгъэр ямыгъэзэщІауэ.

Европэм и Советым Урысейр щыхьхьэм кьалэн зыщищІыжьхэм ящыщщ ЕСПЧ-м и унафэр псалъэншэу игъэззэщІэнырэ. Ауэ Урысейм и хабзэхэр зытхэр абы кьигъэувІэрэкьым, депутатхэм загъэпсэхуну зэбгрымыкІщІыкІэ, щэ еджэгъуэри псынщІэу зэфІагъэкІыу, законыр кьащтэну я мурадщ. Ар къэхъуамэ, Европэм и Советым Урысейр кьыхагъэкІынкІэ мэхъу. Бжьыхьэ сессием (фокІадэ мазэм) зэхуэсыну Парламент ассамблеер зыхэдэн ИІэщ; е зыри къэмыхъуа хуэдэу и нэр хуиуфІыщІынщ урысей депутатхэм кьадза «щІакІуэ кІапэм», е Урысейм тКІийуэ игу кьагъэкІыжынщ Европэм и Советым и пащхьэм щихь кьалэнхэр икІи, хабзэр кьащтэмэ, ар ярицэкъуэгъэкІынщ.

КІэщІу жьыпІэмэ, Европэм и Унэшхуэм и страсбург пэшым иджыри къэс кьыщымыхъуа «ззэауэ» щалъэгъунущ, икІи ар щІэуфауэ щытынукъым. ЛъэныкъуитІми кьагуроІуэ кьащтэну унафэм мыхьэнэуэ иІэнэр.

ВЕЛЕХОВ Леонид.
«Эхо планеты» журнал. (Тхыгъэр дгъэкІащІащ).



● Страсбург

● Мылъку

«Плъэгъуа!» къытхуэжьфІэт

Компание лъэрыхьхэм щат бонусхэмрэ премиехэмрэ техуэуэ жьжьрей зэманым куэд жаІэ. Псалъэм папщІэ, «Газпром»-м и унафэщІхэм я советым хэтхэм дэтхэнэми хуэзэу сом мелуан 17,5-рэ кьыльысынущ (кьащтэмэ, а компаниием и хэхьуэр нэгъабэ процент 60-кІэ нэхъыбэ хъуащ).

СБЕРБАНКЫМ 2010 гъэм хэхьуэу сом меларди 183,6-рэ иІатІ, банкым и правленэм хэтхэм ящыщ дэтхэнэми сом мелуан 70,3-рэ ираташ. ЩІыдагъэ кьыщІэзыш компаниехэм я акционерхэм нэгъабэ трагъэщІащ сом меларди 240-рэ.

Абы кьыдэкІуэу дэ тлъагъуращи, бензиным, газым я уасэм хохъуэ, къэрал банкхэм ят кредитхэр пльапІэщ.

Мы зэманым хьэрычэт Іуэхур е хэхьуэщхуэм е хэхьуэ кьыпхуимыкьыщІэу улэжьэным епхаур гуэша хъуащ. ЩІым кьыщІахьр, кьыщІашыр хамэ кьэралхэм языщІэм хэхьуэщхуэ яІащ, ауэ дэ, «иванушка-дел» ЦІыкІуэхэм», газ, щІыдагъэхэкІ кьыдащэныр кьатохьэлъэ, фейдэ кьахуимыхьу жаІэ!

Совет зэманым МПС-м (Хьэльэхэмрэ цІыхухэмрэ кьебзышэкІ министерствэм) и хэхъуэ псори зы шыуаным илът. Хьэлъэ кьрашэкІмэ, я хэхъуэр инт, ауэ цІыху кьежьэкІыным кьаХуиІкъ щыІэтэкъым. Ауэ псори зы «шыуант» здагъакІуэри, зым адрейр щІиуфэжт. Иджы зы компаниием «жыпитІ» иІэщ: зыр инщ, хэхъэшхуэм кьыгъэпщауэ, адрейр гъуанэщ. Иужьрейращ дэ дагъэлъагъур, хуэІухуэщІэ фхуэзфІэтхъым кьыпІэкІуэ щыІэкъым, жьхуаІэ щыкІэу. Апхуэдэбзэщ поштри: ахъшэ зыщІыпІэ кьагъэзэнчу, сапу кьащІ фІыщ, хэхъи кьарет, ауэ газетхэр цІыхухэм хуахьыным хэщыныгъэшхуэ кьахуихьу жаІэ.

«ЖыпитІым» Урысейр зэрыхуэхэрар ищхьэм щыІэхэм щІамылъагъур гурыІуэгъуэкъым. Пагагъ хэлъу дуней псом щыжаІэр хэхъуэшхуэ кьытхуэзыхь компаниехэр дыззэриІэр. Ауэ «унэм» щагъэхьбдзэр нэгъуэщІщ: «Дыкъулейсызщ, ди Іэнатіэм зэрызедгъэужьын мылъку кьэралым кьыдимыту хъунукъым». Ар эдыжаІэми, жып «бягам» иІэбоурэ я топменеджерхэм мелуан бжыгъэкІэ улахуэ ират.

ЗэрымыщІэкІэ кьаІэрыхьа мылъкум хэныкІхэм «Плъэгъуа!» кьытхужьфІэт жаІэм хуэдэщ.

ЗЯТЬКОВ Николай.
«Аргументы и факты».

Литвар щІолъэІу «Урысейм щыщ тІэкІу»

Кёнигсберг? Караляучюс?

ИЛЪЭС 20-кІэ узэІэбэкІыжмэ, Горбачев и зэманым, ди къуэш республикэм щащІа картэм Калининград областыр игъащІэ Іъандэрэ я щыналъэу щытауэ кьыщагъэтъэгъуат. Областым и кьалэ, кьуажэщІэхэр езыхэм я бзэмкІэщ зэратхар, армыхъумэ урысыбзэкІэ, нэмыцбзэкІэ зэреджэратэкъым. Кьапщтэмэ, Калининград кьыщІрагъэдзат Караляучюсу. Мы кьалэм пащтхьыгъуэм щытехьа Вильгельм Пруссэкъм, нужькІэ япэ герман император хьуам, бэным зыщІгъэзэну кьыщІэкІынт ар кьищІамэ...

Литвам и зы гуэзгуэ гъэлъагъуэми Кёнигсберг тетхакъым, КараляучюскІэ зэрахьуэкІащ. Абы хамэ кьэрал кьыкІэр щегъауэ, дуней псом щащІыху кІартэхэм зыми Караляучюс иткъым. Калининград щыпсэухэм зэрыжаІэмкІэ, Литвам и гёнконсульствэм жьыдэжрагъэ кьыгъэхъыгъуэ хэІущІыІу ещІ а щІыпІэр игъащІэми Литвам зэрейм теухуа тхыгъэхэр. У еблэмэ газетхэм ящыщ зым иджыблагъэ кьыградзащ Урысейм Калининград и Іуэху хэмылъыжу щІын хуейуэ. Центрым и партым и унафэщІ Ромуальдас Озолас етх УФ-м Калининград областыр кьыхэгъэкІауэ Балтийскэ республикэ кьызэгъэпэщын хуейуэ.

МафІэм доджэгу

Хуэбгъафащэ зэрыхьуныкІэ, Литвам и националистхэр зыхущІэкъуэ а щыналъэр Литвам хагъэхьныгъ. Ауэ ар зи гуращэ дэтхэмрэ зи ІэдакъэІуэ-хъэщ: Калининград зэи литва кьалэ хуэныкъым. Уеблэмэ, националистхэм зэрырагъэлейм кьыхэкІыу, Вильнюс яфІэкІуэдыныр хэлъщ. Іуэхур мыращ зытетыр: нужькрей илъэсхэм литва-польшэ зэхущытыкъ екІэкІуащ. ЩІыпІэ «хэкупсэхэм» ягъэбзэужькъым мыбы щыпсэу полякхэр. 1916, 1931 гъэм щыхуэхэр къыщыбжам, Вильнюс щыпсэухэм я процент 50-м щІигъур полякхэт, литвахэр процентри 3-м нэсыртэкъым. Ноби Вильнюс пэгъунэгъу куейхэмрэ кьалэмрэ нэ хъыбзу щыпсэур полякхэрщ. Илъэс 20 ирикъуащ Литвам хабзэ кьыззэращтэрэ щІыр зеям зэрыратыжыну щыкІэр нужьхъуу. Ауэ полякхэм а хабзэм кьарит хуитныгъэр кьахуэгъэсэбэпкъым. Нэрылъагъуу а щІыхэр нэгъуэщІхэм ират, зыхуэпсэурри гурыІуэгъуэщ -Литвам и къулыкъущІэзыщхэрэщ. Абы уфІэкІыжьынщи, полякхэм я унэщІэр литва унэщІэм хуэдэу «зэрамыгъэзэжуэжу ядэрэкъым". А Іуэхум куэд зэригъэгубжьыр кьыпльытэри, президент Качиньский Л. (кхъухьльатэм ису кьехуэхьн и пэкІэ Литвам кьакІуат абы щыпсэу полякхэм я унэщІэр зэрыщыту кьагъэнэжьыным, ирагъэтхъным теухуауэ ягурыІуэну). Законым халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэри ягъэхьэзырат, ауэ Литвам и Парламентым ар кьахуищтакъым. Полякхэм ар кьыззэральытэр я президентым и нэкІум кьыхэзыуэну...

Литвам иджыблагъэ хабзэ кьыщащтащ польшэ, урыс школхэм щат дерсхэм я нэхъыбэр литваибзэм тегъэхьным хуэгъэзауэ. Ар ямыдэу кьалэ уэрамхэм кьыдыхьар куэдми, Іуэхур мащІэ-мащІэурэ зыхуэкІуэр лъэпкъхэм я еджапІэхэр щымыгъэІэнырщ.

СыткІэ иухыну Іуэхур?

Нэрылъагъущ лъэпкъхэр зэрызэпщІэувэр, я зэхущытыкІэр зэрекІакІуэр. Ар зыгуэрым кьимыгъэувыІэмэ, гукъеуэхэм унафэ тэмэм трамыщІыхьмэ, кьэхъуфынур ун нэгу кьыщІэбгъэхьэну гугьукъым. Мы къежьар я нэхъ Іейм хуэкІуэмэ, Варшавэ тегушхуэнкІэ хъунущ дзэм и кьарур кьиГъэсэбэпыну, я лъэпкъэгъуэхэр хэмыгъэзэн папщІэ. Ар зэрыкъэзэрир нухьныр хэлъщ Вильнюс Польшэм хагъэхьжауэ, зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым полякхэм я нэхъыбэм ар я кьалэу кьыззэральытэр. Мы къэрапитІыр НАТО-м хэтми, абыи Іуэхур кьигъэувыІэфынукъым. НАТО-м хэтщ Грециемрэ Тыркумрэ, икІи фощІэж ахэр ззэауэу Кипр хытыпыгр зэрызэхуагъэшар. Зыми и Іуэхуи, и псалъи абы хилъхьакъым, Литвами зыри кьыщхьэщыжынукъым, и лъэпкъыр кьыдригъэуеину здыхэтым, нэгъуэщІхэм я хуитныгъэр зыІуи кьыззэрыримыдзэм Европэр фІыуэ щыгъуэзащІ. Хуэдгъэфэщар кьэхъуэмэ, Литвам Калининград дэнэкІэ щыІэми ищІэжьнукъым.

ДОРАС Йонас.
«Аргументы и факты».

● Ингуш Республикэ

Зыгъаси...

НэгъуэщІ къалэхэм щеджэну ингуш щалъэгъуалэр а здащыІэну щІынальэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэфІэмрэ щэнхабзэмрэ щагъэгъуэзэну мурад ящІащ.

АХЭР гъуэгу техьэн и пэкІэ зэхуэшэсурэ тхьэмахуэкІэ лекцэхэм ирагъэдгІуэнущ. Лэжьыгъэ ГуэхуэкІэ Санкт-Петербург щыІэу ар жиІащ Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек.

Ищхъэрэ къалащхьэм и губернатор Матвиенкэ Валентинэ и гуапэу кьыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм икІауэ абыхэм я деж екъуалІэныгъэ яІэу куэд зэрыщедджэр. «Нэхъыбэжи кьэзыгъэвгІуэ», -дыщІигъуащ губернаторым и псалъэм

Евкуровым нэхъ пасэуи нэгъуэщІ Іуэху иублащ: абы республикэм и лІыкІуэхэр егъакІуэ я щІалэгъуалэр нэхъ зэрыІыгъыу щеджэ, щылажьэ, дзэм ираджауэ къулыкъу щащІэ щІыпІэхэм. Абыхэм щытрахар республикэм и телевиденэмкІэ, лъэпкъхэм (тейпхэм) я советхэм я зэІущІэм щагъэлъагъуэ, А щІыкІэм тету, Ингуш псом къыщащІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыІэ я щІалэгъуалэм я дунейр зыхуэдэр. Зэманыр ямыгъэкІуэду, фІыуэ еджэн, лэжьэн зэрыхуейм щІалэгъуалэр зэрыхуауущий Іэмалщ ар.

ЛАРИНЭ Алёнэ.
«Российская газета».

Нэхъыбэрэ лэжьэн, тэмакъкІыхьуи щытын

хуейуэ хуагъэзуващ

налог инспекцэхэм

Налог инспекцэм цІыхубэм нэхъ гъунэгъу зыхуищІыну и мурадщ. ФНС-м и сайтым (nalog. ru) Интернет-анкетэ къыгъэуващ, район инспекцэхэм я лэжьакІэм дэбгъэр интхэ хъуну. Абы и закъуэкІым мы ІэнатІэм и лэжьакІэм щІэуэ халъхьар.

УРЫСЕЙМ и ФНС-м и унафэщІым и кьуэдзэ Завилов Наталье зэрыжиІамкІэ, налог инспекцэхэр тхьэмахуэм махуитІ сыхьэт 20.00 хъуху, абы кьинэмыщІауэ мазэм щрбэтитІ (хуей хъумэ - щрбэтитІ) сыхьэти 10-м кьыщыщІэдзауэ 15 хъуху лъэжьнущ. Налог инспекцэхэм щылажьхэр Іэдэбу епсэлъэн хуейщ кьахуэкІуэ цІыхухэм, ахэр зыщІэупщІэ псори (дэтхэнэ зыри кьыщхьэщыжынукъым, и лъэпкъыр кьыдригъэуеину здыхэтым, нэгъуэщІхэм я хуитныгъэр зыІуи кьыззэрыримыдзэм Европэр фІыуэ щыгъуэзащІ. Хуэдгъэфэщар кьэхъуэмэ, Литвам Калининград дэнэкІэ щыІэми ищІэжьнукъым.

ЗЮЗАЕВ Александр.
«Комсомольская правда».

● Шэшэн Республикэ

Гъуазджэхэм я хъумапІэ

Шэшэным и кьалащхьэм мы гъэм кьриубыдэу щэнхабзэ Іуэхущапіэу щы кьыщыззэІуахьыну: Лъэпкъ библиотекэ Урыс драмэ театр.

ЛЪЭПКЪ библиотекэм и ІупІапІэр тхьыль зэІухам ещхьу щІ. Ар зекІуапІэхэмкІэ зэпхьыжа унищу ззэстынущ. Нэхъыщхьэу кьалъытэр кьатийуэ зэтетынущ. Абы хохьэ сабийхэмрэ балигъхэмрэ я библиотекэхэр, ущеджэ хьу пэшхэр, щымахуэ жыг хадэр (аращ унэхэр зэзыпхьыну лъагъуэ хьужьынури). Библиотекэр метр зэбгъуэнатІэ мин 13-м щІигъунущ. Абы тхьылъ хьумапІэ, видеотекэ, видеом ущепльыфын пэш, кафе, галерея хэтынущ.

Библиотекэм пэмыжыжьэу щаухуэ Лъэпкъ музейри. Абы къэпшыпІ мин 200-м щІигъу щахьумэфынущ. Музейм хэтынущ кино щепль, лекцэ щедаІэ пэш, щІэныгъэ библиотекэ, архитектурэ-художественнэ лъэщапІэ, хьэпшыпхэм щелэжьыж лабораторэ, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдзэхэр щрагъэжьэкІ пэш, щІэныгъэ лэжьыгъэм хуэхэа пэшхэр. Унэм и инагъыр метр зэбгъуэнатІэ мин 5-м щІегъу. Музейм и тепльым кьрагъэкІащ войнахэм ящІу щыта чэщанэхэр. Музейм и планэпиплІми апхуэдэ чэщанэ щытщ. Унэм и пкъыр кьызэрыбгъэувауэ иджы гъэдэхэным яужь итщ.

Гроэнэм дащІыхьынущ Урыс драмэ театри. Абы метр зэбгъуэнатІэ 357-рэ иубыдынущ, цІыху 500 щІэхуэнущ.

2008 - 2012 гъэхэм кьриубыдэу республикэм щаухэн хуеящ щэнхабзэ Іуэхущапіэу 48-рэ (абы щыщу 38-р Щэнхабзэмкіэ унэщ), жыг хадэ зыгъэпсэхупІэ, библиотекитІ, гуъазджэхэмкІэ сабий еджапІищ, ныбжьыщІэхэм я театр, «Вайнах» къэрал къэфакІуэ ансамблыр щылэжьэн унэ. Мы псом я Іыхьэ щанэр хьэзыр хьуауэ мэлажьэ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Севтланэ.
«Российская газета».

Грознэм дащІыхь Лъэпкъ музейр.

ЯгъэукІытэнырщ къахуэнэжьыр

● Жэрдэм

Беслан кьалэм и администрацэм кьыхилъхьащ ягу кьыщихьэм деж кІэрыхубжьэрыхур щыхьфІэзыдзэхэм я сурэтхэр кьалэ газетым кьытрадзэну.

«ВЕСТНИК БЕСЛАНА» газетым и редактор нэхъыщхьэ Гапбаевэ Алетэ зэрыжиІэмкІэ, псори зэдемыІэмэ, кьалэр кьабзэу яхузехьэнукъым. «Беслъэн хъэщІ кьэкІуэ, Урысейм и Правит ельствэм и лІыкІуэхэр яхэту. Абыхэм ялъагъу кІэрыхубжьэрыхур зралъхьа пакет фІыцІэхэр гъэзугбгъуэхэм зэрыщагъэтІылъыр. Апхуэдэу щытын хуейуэ фІэкІ, ар ущІэукІытэн Іуэхуэгъуэу кьалъытэркъым ди къалэдэсхэм ящыщ куэдым. Мэщъхьэхэр кІэрыхубжьэрыхум щхьэкІэ ягъэува контейнерхэм нэс я хьэлъэр нахьэсыну», - жеІэ журналистым.

Ахьшэкіэ зэретхэкъыри (ар куэд хьурэкым) кьафІэІуэхуэккъым. Аращ кьалэр зыщІэпІхэр газетым кьытрадзэну мурад щІащІар. Абы щхьэкІэ щІэхьыгъэ кьалэр кьэзэхэжьхь администрацэм, полицэм я лэжьакІуэхэм щыщ, газетым и суреттхэх зыхэт гупым.

КАРПЕНКЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

● Къзахъстан

СССР-р лъэплъэу Къэзахъстаныр къэрал щхьэхуэ зэрыхъужрэ кьыпхуэмыщІыхужыну зихьужакщ. Абы и цІыху бжыгъэкІэ дунейм 62-нэ увыпІэращ щІыгъыр (мелуан 16), ауэ щІыуэ ящІыгъыкІ - 9-нэщ.

ЦІыухэм ягъэщІагъуэу зиужьащ къэралым и кьалащхьэ Астана. Зэгуэр кьалэ цІыкІуу щытам илъэс 14-м кьриубыдэу зиубгъуащ, къэщІэрэщІащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

● Гъуэгухэр

Зыхуей хуагъазэ

Москва кьыкІ кхъухьлъатэр Минводы аэропортым кьыщытІысащ. УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Иванов Сергей, полпред Хлопонин Александр, нэгъуэщІ къулыкъущІэхэри елпъащ кхъухьлъатэр зытелъэтыкІ гъуэгуащІэу аэропортым иджыблагъэ щаухуам.

ЗЭІУЩІЭ екІуэкІам Ивановым щыжиІащ Хабзэ Ищхъэрэм и гъуэгухэр зыхуей хэзгъэзэным яужь зэрихьэнур. Кьапщтэмэ, кьэралым игъэбелджылащ зэгъэзэхуэн, щІэуэ яуэхэм хуей гъуэгуанэм я бжыгъэр - ахэр 210-рэ мэхъу. ИлъэсиплІым сІфІахыну лъжьыгъэм гъэ кьэс хухахынущ сом меларди 5-6.

Нэхъ кьыхагъэщахэм ящыщщ Черкесск - Сыхьум гъэзур. Вице-премьерым жиІащ ар пщІэ зыщІатыну гъуэгухэм ящыщ зэрыхъунур.

- Ягъэм, сомет зэманым, щыІа гъуэгур зыхуей хуэгъэзэжынращ зи гугъу тщІы. Абы КъШР-м и километри 146-кІэ, Абхъазым - километри 132-кІэ зыщцеукъуэдий. Ар апхуэдэу гъуэгу кІыхькъым, ауэ лъэныкъуитІми я экономикэм зиужьынымкІэ мыхьэнэщхуэ иІэнущ, Краснодар краймрэ и тенджызыІуфэ гъуэгухэм щызекІуэ машинэхэм я бжыгъэм хигъэщІынущ, - жиІащ Иванов Сергей.

Вице-премьерым Кавказ Ищхъэрэм хьыхь щыналъэхэм я унафэщІхэм ягу къигъэкІыжащ гъэзуу фондхэр кьызэрагъэпэщыным еужьэрэкІын зэрыхуейр. Хьэуа гъэзугхэм я гугъу щищІым, кьыхигъэщащ хэгъэзум и аэропорти 7-м щыщу «Минеральные Воды» аэропортыр зэрынэхьыфІыр, ар сыт хуэдэ кхъухьлъатэ лІэужьыгъуи кьыщытІысыным зэрыхуэхьэзырыр.

КИРЕЕВЭ Иннэ.
«Комсомольская правда».

Литературэ

Зыгъаси...

НэгъуэщІ къалэхэм щеджэну ингуш щалъэгъуалэр а здащыІэну щІынальэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэфІэмрэ щэнхабзэмрэ щагъэгъуэзэну мурад ящІащ.

АХЭР гъуэгу техьэн и пэкІэ зэхуэшэсурэ тхьэмахуэкІэ лекцэхэм ирагъэдгІуэнущ. Лэжьыгъэ ГуэхуэкІэ Санкт-Петербург щыІэу ар жиІащ Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек.

Ищхъэрэ къалащхьэм и губернатор Матвиенкэ Валентинэ и гуапэу кьыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм икІауэ абыхэм я деж екъуалІэныгъэ яІэу куэд зэрыщеджэр. «Нэхъыбэжи кьэзыгъэвгІуэ», -дыщІигъуащ губернаторым и псалъэм

Евкуровым нэхъ пасэуи нэгъуэщІ Іуэху иублащ: абы республикэм и лІыкІуэхэр егъакІуэ я щІалэгъуалэр нэхъ зэрыІыгъыу щеджэ, щылажьэ, дзэм ираджауэ къулыкъу щащІэ щІыпІэхэм. Абыхэм щытрахар республикэм и телевиденэмкІэ, лъэпкъхэм (тейпхэм) я советхэм я зэІущІэм щагъэлъагъуэ, А щІыкІэм тету, Ингуш псом къыщащІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыІэ я щІалэгъуалэм я дунейр зыхуэдэр. Зэманыр ямыгъэкІуэду, фІыуэ еджэн, лэжьэн зэрыхуейм щІалэгъуалэр зэрыхуауущий Іэмалщ ар.

ЛАРИНЭ Алёнэ.
«Российская газета».

Нэхъыбэрэ лэжьэн, тэмакъкІыхьуи щытын

хуейуэ хуагъэзуващ

налог инспекцэхэм

Налог инспекцэм цІыхубэм нэхъ гъунэгъу зыхуищІыну и мурадщ. ФНС-м и сайтым (nalog. ru) Интернет-анкетэ къыгъэуващ, район инспекцэхэм я лэжьакІэм дэбгъэр интхэ хъуну. Абы и закъуэкІым мы ІэнатІэм и лэжьакІэм щІэуэ халъхьар.

УРЫСЕЙМ и ФНС-м и унафэщІым и кьуэдзэ Завилов Наталье зэрыжиІамкІэ, налог инспекцэхэр тхьэмахуэм махуитІ сыхьэт 20.00 хъуху, абы кьинэмыщІауэ мазэм щрбэтитІ (хуей хъумэ - щрбэтитІ) сыхьэти 10-м кьыщыщІэдзауэ 15 хъуху лъэжьнущ. Налог инспекцэхэм щылажьхэр Іэдэбу епсэлъэн хуейщ кьахуэкІуэ цІыхухэм, ахэр зыщІэупщІэ псори (дэтхэнэ зыри кьыщхьэщыжынукъым, и лъэпкъыр кьыдригъэуеину здыхэтым, нэгъуэщІхэм я хуитныгъэр зыІуи кьыззэрыримыдзэм Европэр фІыуэ щыгъуэзащІ. Хуэдгъэфэщар кьэхъуэмэ, Литвам Калининград дэнэкІэ щыІэми ищІэжьнукъым.

ЗЮЗАЕВ Александр.
«Комсомольская правда».

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

(Кілэыкіуэр. Пэщэдзэр №№130 - 132, 135, 136-хэм итщ.

Лы жьэрэІурэм и тэмакъыр игъущІыкІа хьунти, псы ефащ. И псалъэм пищэн и гугъащ, дауи, - кьыз зэрыкІа кьудейт. Пищэнут, пырхъ макъ зэхимыкъэм. Пырхъ макъыр кьыздиІукІымкІэ зигъэзащ лым, и нэщхьыр зэхиукІауэ. Хэт пырхьыр? Щытхъунсыр кьызэригъэжэха Хьэтхьэт-пащэм!

Пащэм и щхьэр и бгъэгъэ ихуэжащ, и бгъэ ихуэжащ. НэхІэ ишхынт Хьэтхьэт-пащэ: аращ и псалъэр зэрызэхищыкІар!

Хьэту энтет лІыжьыр кьыскІэщІэуІауащ: «ЛІыр ди псым щыщ ефагъэнущ нетІэ - уи нэІэ тегъэт, едаІуэт и псалъэм пищэм».

Хьэтхьэт-пащэ зыкъомрэ жьэ зэоплъыхьри, лІыр кьыстхэпльащ, и Іэр пащэм дежкІэ ишияуэ:

- Фльагъурэ мыр? Цыхукъым мыр, кхьуэщІ. Ди дзыхь зэдгъэзынчыр? Мыра дызыщыгугъынчр? Дыунэхъури дытІысыжащ, мы кхъуэр мэджлисым хэтхэм! Сыт мыбы кьытхуищІэфынур? Сищхьэуз кьытхуищІэнщ! Мэджлисскъым мыбы хуэфащэр! Лъхьэуэщщ! ЛІо уэзэщэр: удыгъуэм-згъуэкІуэрэр, мыльку зэхуэплъафэсащ, иджы мэджлисым ущІэнэщу ара? Дыкъэпщэхуфынр уи гугъэ? Мыбы щхьэжІэ Іэ зыІэтым и унагъуэбжэр хуищІыщІж, и лъапсэм псы ираугъэжьыхьыжьыкІ! ЦІапІэ! Хьэбгырыщыбр! ХьитІым я кІуэм кьыдэкІа! Гъуамэ!

Хьэтхьэ-пащэ кьыдзыщыри кьыдэпльеящ. Бзаджэ кьыдзэрытрахьуэр кьыгурыІуакъым зауІрэ. КьыщыгурыІуэм, и нэр кьригъэжащ, и дзэр зэригъэшхри, лІым жьэхэплъащ, и унэІутхэр кьриджэри ящІэкІящ:

- ЩІэвдз мыр! ЩІэвдзи, полицэм ефт!

МэзІутх эм лІы жьэрэІурэм зрадзащ, апхъуатэрри чачэу щІалъэфащ.

ПщІэкІэ кьищта жьэрэІурэхэм дзыхь яхуищІыжакъым Хьэтхьэт-пащэ абы и ужькІэ. ЦІыплъ хьуащ, и джанэ пшамПІэр итІэтащ, псы кьригъахьуэри зыжьэдикІащ. И жьпым тхьылымпІэ кьрихащ Хьэтхьэт-пащэ: жиІэнэри ящІэкІэ иригъэхагъэнут:

- Си хэжу дыщэм и къуэфІхэ! Фи щхьэр куэрэз згъэзынкъым. Сэ лей къэзвыркъым. Игъащэм сызэреСраащ: уи псалъэр гъэмащІи, нэхъыбэ лэжь! Кьихь зезгъэщІынкъым. Мэджлисым сыхэфхэмэ, зи ужь ситІынур вжеСэнщ. Си хэкум сахъуэлэжьынущ. Нил псыхъуэ дэсым щхьэгъэзыхь яхуэсщІынущ си гъащІэр. Иныджыльэхэр ди хэкум исхужьынщ, Суданми исхужьынщ, и сымэ зыкъэнэнкъым! МэкъумэщышІэхэмрэ гъажьагъуэрыкъэхэмрэ я гъащІэр зэрефІэкІуэным сыщІэкъунущ, си псэр пытыху! Ди хьэблэм зы щхьэпІэнэзрэ зы кьулейсызрэ кьыдзэнэнкъым - егъэЗыІуэтэжьынущ псоми. Фи нэ фІыкІэ ильагъу: псалъэ фэстамэ, си псалъэм сыкъытебгъуэтэжьынущ. Аращ игъащІэми - сыкьызэралъху лъандэрэ! Иджы сыщІегъуэжьын фи гугъэ? Фи гум сыкъинхъырыкІынущ, мэджлис псалъапІэр кьысІэрыхьэмэ! ПцІы супсмэ, си напэм...

Абы нэсри, Хьэтхьэ-пащэ и бзэр ирубыдащ.

- Си напэм... Си напэм... А псалъэм фІэкІыбгъэкъым Хьэтхьэ-пащэ: зыгъуэ тебжа хуэдэ, а псалъэм щхьэдэхьырыкъым.

Хьэтхьэт-пащэ ижьыраб-гъумкІэ епльэкІащ, и нэщхьыр зэхиукІауэ:

- Алий! Емынэунэ хьун! Зи унагъуэбжэр хуэзыщыжкІи! «Напэм» и ужькІэ птхар сыт? Кьыскъухьыркъым!

ТхылымпІэр зэхиущкІумпІэри Алий жьэхидзэ Хьэтхьэт-пащэ.

КьызгурымыіуапІэр иІэт: хущхъуэр кьыпкърыкъыщ Хьэтхьэт-пащэ! БзитщхьитІщи, зонькъэкъэжь, хущхьуэм зэхэзэехуэн ищІащ. Ар и щІыхьэпІэ кьыхэхуэнт пащэм - хущхъуэм зэхэзэехуэн ищІауэ кьыщыщІыр ешыи кьыгурыІуэжьркъым. Заул докІри, кьыщуед, ныбафэуэ хьуауэ мэдыкъэшх:

- Алий! Емынэунэ хьун! Уанэ мыгъуэр тезыиль хьэн! Зи унагъуэбжэр хуэзыщыжкІи! Напэ сыхуеГэ сэ! Сызыхуейр мылъкуф, щІыщ, сэрейщ, пщІэщ, щэщ, щыхьуэ! Напэ фІэкІ симыІэ щыІэ-кьымі Сыт напэкІэ уэзэдкІэ? ФэращІыгъэрэ, щхьэхуэщагъэрэ, пцІыра? Щхьэр кьысхуэзбгъэуэзакІэ тхъэ щысІуэжьынщ, Алий! «Нил псыхъуэ згъэунэнущ!..»

Си щхьэфэм ездзын Нил псыхъуэ! Кьэралым хьэмэ щІыхум сатегъэжьэн фи гугъэ? Мохьщ ар! Арат сыкъэзэнэжар! АфІэкІа Іуэху сиІэкъэ сэ! Инджьлызыхэм? Іуэгптым щІихужьынури сыт? Сыт я лажьэ инджьлызыхэм? Зы лажьэ яІэкъым! Инджьлызэращ сызыгъэуэнар! ИгъащІэкІэ ярырес инджьлызэ сэлэтхэр Египтми Суданми! Дыунэхъури дытІысыкащ, инджьлызэ сэлэтхэм кІэбгъу защІыжкъэ! Сыт, жьафІэт, мэджлисым сыхьэфІ щІэнэщІыр? ЦІэ сиІэнущ, арыкудейщ! ПщІэ сиІэнущ, щІыхур кьысфІэлъкІыщІ - аращ мэджлисым сыщІыщІэбгъыр! Мэджлисым сыхэфхмэ, уэзир кьулькъуми нэсхусынкІэ мэхьу - джэгуръ пэт нэ кьрахьу жьыхуэІэр арах! Фэри пщІэ вгъуэтынущ, сэ мэджлисым сыхэфхмэ. Сыхэвмыхмэ, фьбзадджэнаджэщ, фыщхьэхуещщ, фыуиэІутщ... Хьэм фыкьыпльхуащ! Си щхьэр яхуэгогъэпльхэшэ итІани мыбы-хэм! Іэджкіэ кьызогъэгугъэ! Мэджлисым сыхэфхмэ, си псалъэм сытевгъуэтэжьынфи гугъэ? Фыщыгугъ абы! Сыщыхэфха махуэм сщыгъупщэжьынущ фыкьызэрыкІэгъэуэгъауэ хуэрэ? Сыт щІыс щыгъупщэжьынур? СхущІыхьэнукъыми, аращ! Фэр фІэкІ Іуэхуи-дэлъи сиІэнукъым жьыпІэнщ! Ар фигу ивубыдэ, кьызджІакъым жьывмыІэж! Фыщхьэхуещщ псори, фейдэ кьыфхухэмыкІынумэ, зы пьібакъуэ фчынукъым. Фи жьыпрэ фи ныбэрэ зыри фІэфхьыкъым - фыскІыкурхъэ сэ! Алий! Емынэунэ хьун Алий! ПщІэ щІэстри уэзгъэтхакъэ мыбыхэм я пащхьэ щыжьысІа псалъэр! Фунт дапщэ уэстар, уэзгъэшхам нэмыщІ? Мыгъуэ пхуэхуэстари уэзгъэшхари! Фэри фынэхъ щІагъуэжьыкІ! Іуэхуи-дэлъи фІэкІ Іуэхуи-дэлъи сиІэнукъым жьыпІэнщ! Ар фигу ивубыдэ, кьызджІакъым жьывмыІэж! Фыщхьэхуещщ псори, фейдэ кьыфхухэмыкІынумэ, зы пьібакъуэ фчынукъым. Фи жьыпрэ фи ныбэрэ зыри фІэфхьыкъым - фыскІыкурхъэ сэ! Алий! Емынэунэ хьун Алий! ПщІэ щІэстри уэзгъэтхакъэ мыбыхэм я пащхьэ щыжьысІа псалъэр! Фунт дапщэ уэстар, уэзгъэшхам нэмыщІ? Мыгъуэ пхуэхуэстари уэзгъэшхари! Фэри фынэхъ щІагъуэжьыкІ! Фыгъуамэщ - сэ сынэхьыкІэщ! ФыпцІыупсщ - сэ сынэхьыкІэщ! Хьэрэм фошх игъащІэм - сэ нэхьыбэжк сшхащ! ФыдыгъуэгъуакІуэщ - сэ фыкьыщІыщхьэнукъым игъащІэкІэ! Дызыкъ зтыр сытІэ? Сыт дыкъыщІэвэр? Щхьэр щІэдгъэузын щыІэкъым: дызэгурыбгъаІуи, дызэбгрыбгъэкІыж. Сэр щхьэкІэ Іэ зыІэтым хьурыщІ щэ ныкъуэ естынущ. ЕІэтын сэр щхьэкІэ Іэ?

Щэтрыщ щэхсэр эгъэнджэщыкъэ: «ХьурыщІ щэ ныкъуэр сытым щыщ? Фунт зырыз игу щхьэ пымыкІрэ?» ХьурыщІ щэ ныкъуэмкІэ арэзы хуэхуи кьахэкІащ: «ДыарэзыщІ». Зэныкъуэкъу щыхъэм, Хьэтхьэтпащэ кьахэкІящ:

- ЗыфлІэжами, хьурыщІэ щэ ныкъуэм сытекІынукъым! ФэркІэ куэдыщэщ ар! Емынэунэ хьун Алий! Зыраукъэ жьыхуэсІэр!

Емынэунэ хьун Алий кьыбгъэдэлъэдащ.

- Газетым требгъэ дзэнущ: ращ: «Зейнэхьэм Хьэ тхэтпащэ щхьэкІэ Іэ зыІэтым хьурыщІэ щэ ныкъуэ иритынущ. Зы хьурыщІэ щІигъунукъым! Абыкі Іэ зыІэтым хьурыщІэ щэ ныкъуэ иритынущ. Зы щыр